

NEMOKOSIK KONJIGE VAKSEN

SA OUGEN POU KONNEN

1 Pouki pou resevwa vaksen ?

Enfeksyon a bakteri *Streptococcus pneumoniae* ka koze gwo maladi grav ak lanmò. Maladi nemokosik responsab apeprè 200 lanmò chak ane sou timoun ki poko gen 5 an. Maladi sa a se pi gwo kòz menenjit bakteryèl nan peyi Etazini. (Menenjit se yon enfeksyon ki gen pou wè ak eksteryè sèvo a.)

Enfeksyon nemokosik koze gwo maladi sou timoun ki poko gen senk an. Anvan ke te gen yon vaksen ki te disponib, chak ane enfeksyon nemokosik te koze :

- plis pase 700 ka menenjit,
- 13 000 enfeksyon san, epi
- apeprè 5 milyon enfeksyon nan zòrèy.

Li ka koze lòt pwoblèm medikal tou, tankou :

- nemoni,
- li ka fè moun soud,
- domaj nan sèvo.



Timoun ki poko gen 2 an gen plis risk pou yo gen yon maladi grav.

Bakteri nemokòk pwopaje de yon moun a yon lòt moun nan kontak pre.

Enfeksyon nemokosik ka difisil pou trete poutèt bakteri a vin gen rezistans pou kèk nan medikaman yo ki te sèvi pou tretman li. Sa fè ke **prevansyon** enfeksyon nemokosik vin menm pi enpòtan toujou.

Vaksen nemokosik konjige ka ede anpeche gwo maladi nemokosik, tankou menenjit ak enfeksyon nan san. Li ka anpeche enfeksyon nan zòrèy tou. Men enfeksyon nan zòrèy gen plizyè kòz, e vaksen nemokosik efektif kont enpe ladan yo sèlman.

2 Vaksen nemokosik konjige

Vaksen nemokosik konjige apwouve pou li sèvi sou timoun ak tibebe. Timoun ki resevwa vaksen lè yo tibebe ap pwoteje lè yo pi an danje pou gwo maladi grav.

Kèk timoun ki pi gran ak kèk adilt ka resevwa yon lòt vaksen diferan ki rele vaksen polisakarid nemokosik. Gen yon papyè separe sou enfòmasyon vaksen an pou moun kap resevwa vaksen sa a.

3 Kilès e kilè pou pran vaksen an ?

• Timoun ki poko gen 2 lane laj

Pwogram woutin pou vaksen nemonosik konjige a se 4 dòz, yon dòz nan chak nan laj sa yo :

- ✓ 2 mwa
- ✓ 4 mwa
- ✓ 6 mwa
- ✓ 12-15 mwa

Timoun ki pat resevwa vaksen nan laj sa yo ka toujou resevwa vaksen an. Kantite dòz nesèsè depann de laj timoun lan. Mande founisè swen medikal la pou detay.

• Timoun ki gen ant 2 a 5 lane laj

Vaksen nemokosik konjige rekòmande tou pou timoun ki gen ant 2 a 5 lane laj ki poko resevwa vaksen an epi ki nan gwo risk pou yo gen yon gwo maladi nemokosik. Sa vle di timoun ki :

- gen maladi anemi falsifòm,
- gen yon rat andomaje oubyen ki pa gen rat, gen VIH/SIDA,
- gen lòt maladi ki afekte sistèm iminitè a, tankou dyabèt (sik), kansè oubyen maladi fwa, oubyen ki
- pran medikaman ki afekte sistèm iminitè a, tankou chimyoterapi oubyen estewoyid, oubyen
- gen maladi poumon kwonik.

Vaksen an fèt pou li konsidere pou tout lòt timoun ki poko gen 5 an, espesyalman pou sa ki nan plis danje pou yo gen yon gwo maladi nemokosik grav. Sa vle di timoun ki :

- poko gen 3 lane laj,
- ki se natif Alaska, endyen ameriken oubyen ki gen antedan yo ki afwo ameriken oubyen
- ki ale nan dekè an gwoup.

Kantite dòz nesèsè depann de laj timoun lan. Mande founisè swen medikal la pou plis detay.

Yo ka bay vaksen konjige nemokosik la an menm tan ak lòt vaksen.

4

Kèk timoun pa fèt pou pran vaksen nemokosik konjige a oubyen dwe tann.

Timoun pa fèt pou yo pran yon vaksen nemokosik konjige si yo te janm gen yon gwo reyaksyon alèjik (ki mete lavi yo an danje) ak yon premye dòz vaksen sa a, oubyen si yo te janm genyen gwo alèji ak youn nan eleman nan vaksen an. Di founisè swen medikal la si pitit ou an te janm gen okenn gwo reyaksyon ak nenpòt vaksen, oubyen si li gen okenn gwo pwoblèm alèji.

Timoun ak ti maladi, tankou lagrip, ka resevwa vaksen. Men timoun ki gen yon maladi pa twò grav oubyen ki grav fèt pou yo tann jistan yo refè anvan pou yo pran vaksen an.

5

Ki risk ki genyen nan yon vaksen nemokosik konjige ?

Nan etid (prèske 60 000 dòz), vaksen nemokosik konjige te sèlman asosye ak reyaksyon leje :

- Jis nan apeprè 1 tibebe sou 4 tibebe gen po wouj, po mètri oubyen po ki anfle nan anplasman piki a.
- Jis nan apeprè 1 sou 3 gen lafyèv ki pi elve pase 100.4°F, epi jis nan apeprè 1 sou 50 gen yon gwo lafyèv (pi elve pase 102.2°F).
- Gen kèk timoun tou ki te vin difisil pou kontan oubyen te gen tèt lou, oubyen te pèdi apeti yo.

Jiska prezan, okenn gwo reyaksyon grav te asosye ak vaksen sa a. Toutfwa, yon vaksen, tankou nenpòt medikaman, ka bay gwo pwoblèm, tankou yon gwo reyaksyon alèjik. Risk pou vaksen sa a bay gwo danje, oubyen lanmò, piti anpil.

6

E si gen yon reyaksyon modere oubyen ki grav anpil ?

Kisa pou mwen veye ?

Veye nenpòt kondisyon ki pa nòmal, tankou gwo reyaksyon alèjik, gwo lafyèv oubyen konpòtman ki pa nòmal.

Gwo reyaksyon alèjik grav ra anpil ak nenpòt vaksen. Si ta gen youn, li ta pi pwobableman parèt ant detwa minit a detwa èdtan apre piki a. Ka gen nan siy yo :

- pwoblèm pou respire - feblès - itikè
- vwa anwe oswa - batman kè - koulè pal respirasyon fò - twò rapid
- gòj ki anfle - vètij

Kisa pou mwen fè ?

- **Rele** yon doktè, oubyen mennen moun nan bay yon doktè touswit.
- **Di** doktè a sa ki rive, dat ak lè li rive, epi ki lè ou te resevwa piki a.
- **Mande** doktè a, enfimyè a oubyen depatman lasante a pou make reyaksyon an nan papye Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) an kreyòl sistèm dosye move reyaksyon ak vaksen.

Oubyen ou ka ranpli papye sa a nan sit entènèt VAERS la nan www.vaers.org, oubyen ou ka rele nan 1-800-822-7967.

VAERS pa ofri konsèy medikal.

7

Pwogram nasyonal sou konpansasyon pou domaj vaksen koze

Si nan ka trè ra oumnenm oubyen pitit ou a gen yon gwo reyaksyon ak yon vaksen, gen yon pwogram federal ki kreye pou ede peye pou swen moun yo ki sibi domaj.

Pou detay sou Pwogram nasyonal sou konpansasyon domaj vaksen koze, rele nan **1-800-338-2382** oubyen vizite sit entènèt yo a nan www.hrsa.gov/osp/vicp

8

Kijan pou mwen aprann plis ?

- Mande founisè swen medikal ou a. Yo ka ba ou papye enfòmasyon ki vin ak vaksen an oubyen yo ka sijere lòt kote ou ka jwenn enfòmasyon.
- Rele depatman pwogram iminizasyon nan vwazinaj la oubyen nan biwo santral leta a.
- Kontakte Sant pou kontwòl epi prevansyon maladi [Centers for Disease Control and Prevention (CDC)] :
 - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**
 - Vizite sit entènèt pwogram nasyonal iminizasyon an nan <http://www.cdc.gov/nip>



U.S. DEPARTMENT OF HEALTH & HUMAN SERVICES
(DEPATMAN LASANTE AK SÈVIS IMEN)
Centers for Disease Control and Prevention
(Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi)
National Immunization Program
(Pwogram Nasyonal Pou Vaksinasyon)

Vaccine Information Statement - Haitian Creole
Pneumococcal Conjugate 9/30/02 42 U.S.C. § 300aa-26

Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health